

CRLS Prezante: Oryantasyon Chromebook pou Elèv CRLS yo

Bonjou, elèv ak fanmi CRLS yo! Byenvni nan Oryantasyon Chromebook CRLS lan. Èske w konnen kijan n gen chans? Nou vle pran yon ti moman pou kite n remèsyé nou, paske nou se manm premye klas CRLS ki janm resevwa Chromebooks. Nou pase anpil mizè pou asire n aparèy sa yo ta konvnab pou tout elèv yo nan CRLS, epi nou te bay ANPIL ANPIL èdtan fidbak, lè sa te nesesè. Kidonk, pa de kwa!

Jodi a nou pral diskite enpòtans sèten règ enpòtan pou pran swen ak responsabilite pou Chromebook ou an. Chromebook ou an se pou aprann li ye epi li ta dwe sipòte w pou jwenn siksè lekòl. Pisans vini ak anpil responsabilite, kidonk mwen kèk direktiv.

Antretyen

- Asire w ou pa blye pote Chromebook ou lekòl la chak jou, ki byen chaje epi ki pare pou mache. N ap repete yon lòt fwa: PA BLIYE POTE CHROMEBOOK OU AN CHAK JOU LEKÒL LA, CHAJÈ NÈT. Sa vle: KITE CHAJÈ W YO LAKAY OU.
- Ou bezwen rechaje rapidman? Ale nan Bibliyotèk CRLS lan epi itilize dispozitif chajman Chromebook ki la yo!
- Asire w Chromebook ou toujou plase nan bwatye li tout tan, menm lè w ap travay avèk li. Ou dwe pwoteje l, menmsi li nan sakado w lan.
- Pa desine ni mete otokolan sou Chromebook la, pa penn li nonplis. Kenbe l bèl ak pwòp.
- Itilize sèlman twal espesyal ki bon pou konpitè pou netwaye Chromebook ou an – pa itilize espre ni eponj oubyen okenn bagay konsa.
- Epitou, tanpri, pa mete okenn manje ni bweson toupre Chromebook la. Se dezòd ak salte sèlman.
- Èske nou te di w PA BLIYE POTE CHROMEBOOK OU AN TOULEJOU, CHAJÈ NÈT. KITE CHAJÈ W YO LAKAY OU.

AUP: Politik Izaj ki Akzeptab

Gen kèk bagay ou ta dwe konnen anvan CRLS ba w konpitè sa yo.

- Pa kite lòt elèv sèvi ak Chromebook o an ni menm pa pataje kont ou avèk yo. Se sa ki rele vòl idantite.
- Pa itilize Chromebook pou fè lòt moun mechanste. Rete bye janti lè w anliy– se sa ki rele yon bon sitwayen nimerik.
- Pa sèvi ak Chromebook la pou kopye travay lòt moun epi fèsanble se w ki fè l. Sa rele plajya.
- Pa eseeye telechaje lojisyèl, mizik, video oubyen kontni sou Chromebook ou an. Anyen ki ilegal!
- Ou gendwa itilize kont gmail CPSD ou an pou enskri nan Chromebooks yo, kidonk pa eseeye itilize kont pèsonèl ou an. Li p ap mache.

Kisa ki Pral Rive Si...

- Èske mwen kapab gade Netflix sou Chromebook mwen an?
 - Menm filt rezo yo gendwa aplikab lekòl la, tou. Kidonk, si ou vle gade Netflix oubyen lòt sit ki bloke lekòl la, I ap pibon pou w si ou sèvi ak selilè w ouyen ak yon lòt aparèy.
- Mwen blyie Chromebook mwen an lakay mwen. Sa pou m fè kounye a?
 - Si w blyie Chromebook ou an, yo p ap prete w youn. KIDONK POTE L CHAK JOU, BYEN CHAJE EPI KITE CHAJÈ W LAKAY OU.
- OK, e si ti frè m anmèdan m vle sèvi ak Chromebook mwen an?
 - Chromebook ou se oumenm yo bay li epi oumenm sèlman, kidonk pa gen okenn lòt moun ki kapab sèvi ak li, espesyalman ti frè enmèdan ou an.
- Mwen blyie youn nan mòdpas mwen yo. Kisa pou m fè?
 - Al gade nan Falcon Fixers Student HelpDesk nan Bibliyotèk CRLS Library lan oubyen voye yon imèl nan helpdesk@cpsd.us!
- E si mwen pèdi Chromebook mwen an?
 - Al gade nan Falcon Fixers Student HelpDesk ki nan Bibliyotèk CRLS lan oubyen voye yon imèl nan helpdesk@cpsd.us!

Donk, mwen di n tout bagay la, CRLS! Si w respekte direktiv sa yo ansanm ak direktiv adisyonèl ki nan tiliv elèv CRLS lan, w ap pare pou ane lekòl la. Ann ale Falcons!